



ETA KAWOLIN DINÒ
KONSEY EGZAMEN

SOU DOSYE:

Desizyon Otorite Siperyè yo:

ATTN:

Demandè

Anplwayè

Selon N.C. Gen. Stat. § 96-15(e), ka sa te vini devan Konsèy Egzamen an ("Konsèy") pou egzamine **apèl demandè a oswa anplwayè** a de yon desizyon ki te pran pa Abit Apèl.....sou nimewo dosye apèl.....Rejis la jan li te transfere pa Seksyon Apèl Divizyon Sekirite Travay la te egzamine antyèman.

Seksyon Apèl la te enfòme Konsèy la, anrejistreman odyans ki te dirije sou dosye sa pa kapab lokalize. Nan ka sa, Konsèy la te gen enkonvenyan pou egzamine prèv pou temwanye yo ki te site nan odyans lan.

Baze sou sa ki presede a, koz la dwe voye bay yon Abit Apèl nan Seksyon Apèl pou dirije yon **odyans de novo**.

Nan fen odyans sou ranvwa a, Abit Apèl la dwe mete desizyon an akote epi emèt yon nouvo desizyon avèk lòt konstatasyon fè avèk konklizyon jiridik yo. Konstatasyon fè sa yo pral deklare istwa pwosesis ka a, enkli tout lòd pou kontinye epi pou ranvwa, rezon pou kenbe yo, yon apèsi de egzijans lòd ranvwaye yo, epi pati yo avèk temwen ki te prezante nan chak odyans ki te fèt sou dosye a.

Dosye a ranvwaye pou plis pwosesis enpòtan ki gen rapò avèk desizyon sa.

LI ÒDONE ke tout pati ki enterese yo dwe enfòme de lè avèk lye odyans sou ranvwa a ap fèt jan sa dwe fèt la, epi Abit Apèl la pral idantifye nouvo desizyon an nan fen odyans lan pandan l ap itilize tout nimewo dosye ki te atribye anvan avèk ka a.

ENPÒTAN– GADE PAJ KI SWIV LA

Desizyon Otorite Siperyè yo.
Paj De nan De



LI ÒDONE TOU, tout dokiman dosye nan ranvwa a ki te transmèt bay Seksyon APÈL la avèk desizyon sa pral transfere bay Abit Apèl la ansanm avèk avi odyans lan, epi te di ke dokiman yo dwe make kòm prèv konviksyon epi te antre nan rejis la pa Abit Apèl sou ranvwa yo pou konplete rejis yo jan li rekòmande pa lalwa.

Manm Konsèy Egzamen an Susan Doe avèk John Doe te patisipe nan apèl sa epi te dakò avèk desizyon sa.

Sa se:

KONSÈY EGZAMEN AN

Prezidan

AVI POU TOUT PATI KI ENTERESE

Yon reprezantan legal jan li defini nan 04 N.C. Kòd admin. 24A .0105(32) (enkli moun antrepriz tyès pati yo k ap sèvi antanke anplwayè administratè asirans chomaj la) dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun ki sipèvize pa yon avoka lisansye an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84 and § 96-17(b). Avi avèk oswa Sètifikasyon sipèvizon yon avoka dwe ekri selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504. **Yon reprezantasyon legal nan pwosesis jidisyè dwe an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84.**

Selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504, lòske yon pati genyen yon reprezantan legal, tout dokiman oswa enfòmasyon ki rekòmande pou founi yo pral voye sèlman bay reprezantan legal la. Tout dokiman ki te founi pa yon reprezantan legal yon pati pral genyen menm fòs epi menm efè tankou si li te voye dirèkteman bay pati a.

Pou demann ki depoze pandan oswa aprè 30 Jyen xxxx yo, demandè a fè sijè ranbousman alokasyon li te resevwa de nenpòt desizyon jidisyè oswa administratif ki ranvèse pita pandan apèl la. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).

Apèl ki te depoze:

Desizyon ki te voye pa Lapòs: